# 1990-ЖЫЛЛАР ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЙ СЫНЫНДА ПРОЗА МӘСЕЛЕЛЕРИ

**З.Ж.Алланазарова** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ПРОБЛЕМА ПРОЗЫ В КАРАКАЛПАКОВСКОЙ ЛИТЕРАТУРНОЙ КРИТИКЕ 1990-Х ГОДОВ

**З.Ж.Алланазарова** – *ассистент преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# PROSA ISSUES IN KARAKALPAK LITERARY CRITICISM OF THE 1990S

**Z.J.Allanazarova** – *assistant teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** нашриёт, қорақалпоқ прозаси, адабий танкид, рецензия, макола.

**Резюме.** Қорақалпоқ адабий танқидида проза масалаларига алоҳида эътибор қаратилмоқда. Ишнинг хажми билан боғлиқ мақолада 1990-2000 йилларда Қорақалпоғистон Республикасида «Амударя» журнали, «Еркин Каракалпакстан», «Қорақалпоқ ёшлари», «Устаз йўли» газетасида чоп этилган адабий танқидий материаллар жамлаб олинган.

**Ключевые слова:** издательское дело, каракалпакская проза, литературная критика, рецензия, статья.

**Резюме**. В каракалпакской литературной критике вопросы, связанные с прозой, были всесторонне исследованы. В зависимости от объёма исследования, в данной статье рассматриваются литературно-критические материалы, опубликованные в 1990-2000 годах в журнале «Амударья» и в газетах «Еркин Каракалпакстан», «Каракалпакстан жаслары» и «Устаз жолы» в Республике Каракалпакстан.

**Key words:** publishing house, Karakalpak prose, literary criticism, review, article.

**Summary.** Special attention is being paid to the issues of prose in Karakalpak literary criticism. In the article related to the scope of the work, literary and critical materials published in the 1990–2000s in the “Amudarya” journal, as well as in the newspapers “Erkin Karakalpakstan”, “Karakalpakstan jaslari”, and “Ustaz Jolı” of the Republic of Karakalpakstan, have been collected.

**Кирисиў.** Ш.Сейтовтың әдебий процесске ҳәм оқыўшылар арасына да 90-жыллары нағыз "от түсирген" шығармасы-"Жаман шығанақтағы Ақтуба" болды. Ол туўралы дәслеп оқыўшынын унамсыз пикири [1], әдебиятшы сыншының да жазыўшының батыллығын дурыс түсинип, оны жанлы өмир менен дурыс салыстырып баҳалай алмаған мақаласы [2] жәрияланды. Бирақ сыншы Ж.Есеновтың жазыўшы позициясын толық қуўатлайтуғын, романды сол жыллардағы өмир, жәмийетлик қайта жаңаланыў, әдебий процесс, жеке жазыўшы шеберлиги менен дурыс ушластыра алған өткир рецензиясы басылып шықты ҳәм дөретпе мектеп бағдарламалары менен сабақлықларынан да тез орын алды.

Сыншының белгилегениндей: "Шығармада негизги мәселе тарийхтың жаман шығанағындағы тубалаў ўақтында қыян-кески унамсыз ҳәдийселер, олардың адамлар минез-кулқына тийгизген кесапатлары, айырым ўақытлары адамлар ақылы зайыл, жилли болып кетиўге де алып келген ис-ҳәрекетлер барынша өткир, қәҳәрли ғәзеп пенен әшкара етиледи. Соның ушын да романда барлық тасландыларды, патаслықларды, өлимтиклерди өзине жыйнап, сасып атырған Ақтубаның алыныўы ҳәм оның соңына таман тек ғана көзи емес, көкиреги соқырлық, мәңгүртлик психологияның барлық белгилерин бойына жәмлеген Нәзигүлди де өзиниң тереңине батырып болып, сол сасық тынбаның бульдозер трактор менен көмилип, тегисленип жибергени туўралы көринистиң-ис-ҳәрекеттиң алыныўында айрықша мәни бар". "Жәмийетимиздеги усындай унамсыз нәрселерди ашық-айдын сүўретлеўши бағдар прозамызда Т.Қайыпбергеновтың "Көздиң қарашығы" романынан басланып, соң бул О.Әбдирахмановтың "Босаға", К.Мәмбетовтың "Имтихан" повестинде, "Ҳүждан" романларында тереңлестирилген еди ҳәм олардың әтирапында түрли-түрли қарама-қарсы пикирлердиң болғаны белгили. Ш.Сейтовтың бул романы, мине, усы бағдардың жетилистирилген усылында дөретилген шығарма…Оны күни питкен, бурынғы социалистлик реализмниң тар кестесине салып баҳалап, жазыўшыны тийкарсыз айыплаўға урынбағанымыз ақылға уғрас келеди" [3].

**Тийкарғы бөлим**. Мине, 1990-жыллардағы әдебий сынымыз жәмийетлик жаңаланыў менен бирге әдебий процесстеги, прозадағы жаңалықларды да ҳадаллық ҳәм ҳақыйқатлық жолында усылайынша өз ўақтында қорғап қалып ҳәм мақуллап та отырды. Себеби сынның бас мақсети тийкарсыз түрде тек ғана сынап-минеў емес, ал өнер дөретпелериндеги ең алды менен "гөззаллықты", өмирдиң гөззаллығын излеў, сол сулыўлыққа кесент етип, оны әжептәўир етип атырған жәмийетлик иллетлердиң бет-пердесин ашып таслаў болып есапланады. Сонлықтан

сыншы Ж.Есеновтың аталған романға қатнасы, көзқарас позициясы К.Мәмбетовтың әдебияттағы қайта қурыўдың бурыннан-ақ басланғанлығы ҳаққында пикирлери [4] менен ушласады. Усыған уқсас ойларды жазыўшы ҳәм илимпаз С.Баҳадырова да айтқан еди [5].

Жоқарыда көрсетилген К.Мәмбетовтың "Ҳүждан" романындағы жәмийеттиң жаналаныў руўхы, оның турмысқа жақынлығы, әдебий қаҳарманлардың прототиплери, жазыўшы шеберлиги ҳәм т.б. мәселелер әдебиятшы А.Пирназаровтың рецензиясында өз ўақтында дурыс айтылды [6]. А.Пирназаровтың бул рецензиясында көркем проза менен әдебияттағы жаңалыққа умтылыўшылықты жанлы пафос пенен қарсы алыў сезими айқын көзге тасланады. Бул қубылыс Ҳ.Өтемуратованың К.Мәмбетовтың "Посқан ел" романы ҳаққында жазған мақаласында да [7] айрықша баҳаланады.

Жақын жыллар ишиндеги жәмийеттеги қара дақларды әшкаралап сүўретлеў прозада кең орын алған. Прозадағы усындай жедел ҳәрекетлер, батыллық, патриотизм ҳәм жаңа поэтикалық изленислерди әдебий сын өз дәўиринде сөз етип ашыўға умтылып отырған. Әдебиятшы К.Қурамбаев шайыр ҳәм прозашы Ә.Өтепбергеновтың "Дозақ ишинде" [8], сыншы Ж.Есенов жас талант ийеси А.Әбдиевтиң "Жинжыпырлар уясы" романларының [9] идеялық, эстетикалық, поэтикалық өзгешеликлерин де, кемшиликлерин де дурыс көрсеткен. Сондай-ақ прозаик ҳәм әдебиятшы А.Әбдиевтиң С.Исмайловтың илимий-фантастикалық повесть ҳәм романы ҳаққында [10], А.Султановтың "Дөҳмет" атлы ҳүжжетли романы туўралы әдебий сын дөретпелери де табыслы шыққан. Бирақ оның илимий фантастикалық проза ҳаққындағы мақаласы [11] талап дәрежесине төмен, талғамсыз ҳәм қысқа тәсирсиз аннотацияларға қурылған. Ал оның "Жәмийет ҳақыйқатлығын ашып" мақаласында М.Нызановтың "Жат журттағы жети күн" повестиниң юморлық, фантастикалық сыпаты ҳәм негизги проблемалардың нағыз заманагөйлиги, қаҳарман образларының исенимлиги жүдә тәсирли мысаллар менен жақсы ашылған [12].

**Әдебиятлар анализи.** Ж.Әбдиреймовтың "Суўдағы ай сәўлеси" повести Ж.Қайырбаевтың [13], Қ.Султановтың мақалаларында [14], Ж.Сапаровтың "Султамурат бектиң тарланы" романы Абат Әлиевтиң рецензиясында [15], И.Өтеўлиевтиң "Таста да гүллеген өмир" атлы рецензиясында А.Садықовтың "Таста да гүллейди…" романы сыналады [16].

Сондай-ақ әдебиятшы-сыншы Қ.Камалов та әдебий процесс пенен әдебий сынның раўажланыўын органикалық бирликте алып қарап: "...бир тутас раўажланып баратырған әдебий процесс әззи болғалықтан әдебий көркем сынның жағдайы мениңше төменлеп баратырғандай", - дегенинде, ең алды менен сын елегине илинетуғын, сын көтерер дөретпелер зәрүрлигин айтқан. Бунысыз әдебий процесс те, сын да алға илгерилей алмайды. Мысалы, Пушкин, Гоголь, Толстой, Чехов, Достаевский туўылмаса, онда Белинский, Добролюбов, Чырнышевскийлер де болмас еди. Керисинше олар болмаса, Россияның әжайып сөз зергерлерин ең алды менен өз елине кимлер мойынлатар еди?! Бизиң миллий әдебиятымызда, басқа халықлардың сөз өнеринде де усы тақылетли қубылыс өмир сүрип атырған сыяқлы.

Соңғы он-он бес жыллықлар ишинде әдебий сынға да, илимге де әдебияттың басқа жанрлары сыяқлы бир неше жас әдебиятшылар келип қосылды. Сол себепли бул мәселе де жазыўшы С.Салиевтин мақаласындағыдай сарсылып, үмитсизликке берилип, барды да жоқтай етип налына бериў дурыс емес. Оның орынсызлығы ҳаққында сыншы Ж.Есеновтың пикирлерине толық қосылыўға болады. Пикиримиздиң дәлийли ушын жас әдебиятшылардың бири З.Қожықбаеваның шайыр ҳәм публицист М.Сейтниязовтың очерклериндеги шеберликти таллаған пикирлерин көрсетиў мүмкин. Жас сыншы әдебиятшының бул жердеги ойлары нық, дәлилли ҳәм тәсирли. Ол жеке жазыўшы дөретиўшилигин басқалар менен, улыўма әдебий процесс пенен байланыстырып пикир жүритеди. Бул талап-сыпат ҳәр қандай әдебий сын таллаўға зәрүр екенин есапка алсақ, жас сыншылардың көркем дөретпелерди әдебий теориялық, методикалық таллаў усылларын дурыс өзлестирип атырғаны сезиледи. Бирақ, З.Қожықбаеваның бул мақаласында очерклерден пейзаж мысаллар көп алынып, таяр схемаға түсип кеткен сыяқлы. Ал усындай жаслардан Ҳ.Сапарбаеваның каракалпак әдебиятындағы мемуар, мемуар-эссе жанрының жағдайы туўралы мақаласы авторлдың теориялық таярлығын, жазыў ҳәм илимий пикирлеў мәдениятының еле де төменлигин көрсетеди. Себеби онда пикирлер жай хабарлаў формасында берилген. Мысалы: "Жазыўшы "Қарақалпақ дәстаны" шығармасын дөретиўге он үш жыл ўақтын жумсады... Үш китаптың ҳәр биреўи 500 беттен ибарат, улыўма қолжазбада мың ярым, еки мың бетти қурайды, оның ҳәр бириниң 4-5 вариантлары бар..." ҳәм т.б.

Усындай кемшиликлер тәжирийбели сыншы ҳам жазыўшылар мақалаларында да ушырасады. Мысалы, У.Пиржановтың юморист хам сатирик К.Ерназаровқа арналған макаласы дым қысқа, қөрениш көринеди. Ал Қ.Султановтың, С.Жумагуловтың "Туфлийдиң нәли" деген топламын бийкарлаўға арналған макаласында

жанрды түсинбеў, ал, оны бурмалаў, бир тәрепилеме пикир үстем. Сыншы талант ийесиниң топламынан бирде бир жақсы дөретпе түўе, жақсы сөз таба алмайды. Оның үстине макалада улыўма сөзлилик, шубаланқылық басым, анықлық жоқ, улыўма мақала-фельетон (егер усылай атасақ, яки фельетон рецензия) жүдә қысқа журналдың бир бетинен-ақ ибарат. Солай болса да сыншы "шайырлар, жазыўшылар қаракалпак әдебиятында көбейип баратыр, жазыўшылар көп, шығармалар аз, усындай жағдайға келип турмыз. Оның ақыбети белгили бир халықты аяқ астына басыўға алып келди", - деп жуўмақ жасайды.

Усындай аўыр ҳүкимли жуўмақ ислеў ушын толып атырған көплеген дәлиллер, есапсыз фактлер керек шығар, әлбетте! Ал бизиң пикиримиз сыншының тап усы ойларына пүткиллей қарсы. Сыншының қәтелигин жоқарыда биз сез епкен 90-жыллардағы әдебий процесс ҳәм қарақалпақ әдебий сынының өз ара байланыслары, сынның активлиги, батыллығы, жаўынгерлиги, илимий теориялық изленислери, формалық көп түрлилик пенен мазмун байлығы, пикирлер теренлиги толық дәлийллейди.

**Жуўмақ.** Солай етип 1990-жыллардағы әдебий процесс ҳәм қарақалпақ әдебий сынының өз ара байланыслары, сынның активлиги, батыллығы, жаўынгерлиги, илимий теориялық изленислери, формалық көп түрлилик пенен мазмун байлығы, пикирлер тереңлиги менен өзгешеленеди.

**Әдебиятлар**

1. Әбдимуратов М. Шайырлар мақтап, жазыўшылар датлап атырғандай. / «Еркин Қаракалпақстан», 10-август, 1993.

2. Султанов Қ. Проза ма, яки басқа ма? / «Қарақалпақстан жаслары», 7-январь, 1993.

3. Есенов Ж. Ғәзеп пенен жазылған роман. / «Еркин Қарақалпастан», 20 февраль, 1993.

4.Мәмбетов К. Қайта қурыў ҳәм көркем әдебият. // «Әмиўдәрья», 1991, №1, 85-б.

5. Баҳадырова С. Қайта қурыў ҳәм көркем әдебият. // «Әмиўдәрья», 1990, №9, 102-б.

6. Пирназаров А. Ҳүждан менен жазылған «Ҳүждан». / «Еркин Қарақалпақстан», 1991, 25-январь.

7. Өтемуратова Ҳ. Толғаўдан эпопеяға. / «Совет Қарақалпақстаны», 13-февраль, 1991.

8. Қурамбаев К. Жақын өтмиштиң қара дақларын әшкаралаўшы роман. / «Еркин Қарақалпақстан», 10-октябрь, 1993.

9. Есенов Ж.-Әбдиев А. Шынлықты айтқан шығарма (диалог). / «Қарақалпақстан жаслары», 9-ноябрь, 2000.

10. Әбдиев А. Жас жанр аяққа турып атыр. / «Жас Ленинши», 16-июль, 1991; Әбдиев А. Жазыўшының үлкен жанрдағы биринши тәжирийбеси. / «Қарақалпақстан жаслары», 6-февраль, 1997.

11. Әбдиев А. Қарақалпақ илимий фантастикасында экология машқаласы. // «Әмиўдәрья», 1994, №10-12, 99-100-б.

12. Әбдиев А. Жәмийет ҳақыйқатлығын ашып… / «Қарақалпақстан жаслары», 13-июль, 1995.

13. Қайырбаев Ж. «Суўдағы ай сәўлеси» повести ҳаққында. / «Еркин Қарақалпақстан», 29-октябрь, 1996.

14. Султанов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ прозасы ҳаққында. /«Еркин Қарақалпақстан», 26-январь, 1999.

15. Әлиев А. Ақсақал жазыўшымыдың үлкен табысы. /« Қарақалпақстан жаслары», 26-сентябрь, 1996.

16. Өтеўлиев И. Таста да гүллеген өмир. / «Еркин Қарақалпақстан», 25-февраль, 1993.